



Kisa Pwogram Food Stamp (Koupon Manje a) ye?

Pwogram Food Stamp (Koupon Manje) ede moun ki pa gen anpil lajan oswa okinn salè achte manje ki gen anpil nitrisyon. Benefis food stamp (koupon manje) se pa lajan kach. Yo vin sou yon kat elektwonik ke ou sevi kouwe yon kat kredi oswa kat labank pou achte manje. Laplipa makèt resevwa benefis food stamp (koupon manje).

Kijan mwen ka jwen benefis food stamp (koupon manje)?

Kalifikasyon pou benefis food stamp (koupon manje) baze sou sale ou ak resous lajan, kouwe ekonomi ke ou fè. Gen de bagay, kouwè kay ou, ki pa konte ve resous lajan ou. Nan setin Eta, omwin yon machin pa konte kouwè yon resous lajan. Gen de regleman espesyal pou gran moun ak moun enfim. Si ou kalifye, vale benefis ou resevwa nan food stamp (koupon manje) depan sou vale moun ki nan fanmi w. Pale ak yon anplwaye ki nan biwo lokal food stamp (koupon manje) pou plis enfòmasyon.

Yon fason pou wè si w ap kapab resvwa benefis food stamp (koupon manje) se al nan www.foodstamps-step1.usda.gov repon kesyon yo pou konnin si ou gen dwa kalifye e pou kon ki vale ou gen dwa resevwa. Mè pou ke ou si, fòk ou aplike.

Kijan pou mwen aplike pou benefis food stamp (koupon manje)?

Si ou ta renmin aplike, w ap bezwin fè demach swivan yo:

- Rele oswa al nan biwo lokal food stamp (koupon manje) pou yon aplikasyon oubyen ou gen dwa jwenn aplikasyon pou Eta ou an nan www.fns.usda.gov/fsp.
- Ranpli aplikasyon an le plis ke ou kapab. Ranpli non ou ak adrès ou epi siyenn l.
- Retounin aplikasyon an nan biwo lokal la swa sou intenèt oswa pa lapos, faks oswa ou ale pesonelman nan biwo a.
- Gen yon entevyu. Li gen dwa fèt pa telefòn oswa ou gen dwa gen yon zanmi oswa fanmi al nan plas ou.
- Montre biwo lokal la papyè kouwè souch chek travay ou, peyman lwaye oswa ipotek ou, bodwo telefòn, dlo oswa kouran, bodwo swen lasante pitit ou oswa yon gran moun, avèk nimpòt ki lòd tibinal ta pase pou paye sipote pitit ou. Biwo lokal la gen dwa di w ki papyè ak lòt enfòmasyon ke w ap bezwin montre yo.

Aprè ou revise aplikasyon ou an, anplwaye biwo lokal ou an pral di w si ou kalifye e konbyen ou pral resevwa.

Kijan mwen ka jwenn biwo lokal mwen an?

Si ou bezwin èd pou jwenn biwo lokal food stamp (Koupon manje) ou a, rele nan 1-800-221-5689 oswa al nan <http://www.fns.usda.gov/fsp>.

Eske mwen bezwin yon nimewo sosyal sekirite?

Wi, fòk ou pran yon nimewo sosyal sekirite si ou vle resevwa benefis food stamp (koupon manje) yo. Se pa tout moun ki ret nan kay la ki oblije anrejistre nan pwogram lan. Moun ki pa vle resevwa benefis food stamo (koupon manje) pa oblije bay yon nimewo sosyal sekirite. Mè yo oblije bay enfòmasyon finansye yo.

Eske mwen ka resevwa benefis food stamp (koupon manje) si mwen pap travay?

Wi, mè si ou ka travay, fòk ou al cheche travay, pran yon travay, oswa al lekòl pou yon vokasyon.



Eske ou moun ki pa sitwayin mè ki legal ka resevwa benefis food stamp (koupon manje) yo?

Petèt. Mande anplwaye food stamp (koupon manje) ou a. Menm si ou paka gen benefis yo, lòt moun nan kay la ki fèt nan payi a kapab. Si w ap resevwa benefis food stamps (kooupon manje) a pap anpeche w oswa ba w pwoblèm si ou ta vle vin sitwayin payi isit.

Kote mwen ka jwen plis enfòmasyon?

Rele biwo lokal food stamp [koupon manje] ou an.
Rele nan 1-800-221-5689.
Vizite www.fns.usda.gov/fsp.

Kijan ke fanmi mwen ka manje pi byen?

Ou vle sa ki pi bon pou fanmi w. Ou vle ke tout moun an bonn sante e ke pitit ou grandi e apran bon bagay. Lè ou sevi ak benefis food stamp [koupon manje] yo sa a ap kapab ede w pou achte manje ki bon pou lasante pou fanmi w.



Eseye konsèy sa you pou ede fanmi w manje pi byen ak rete an bonn sante:

- Varye nan legim yo: lad vet, oranj, diferan kalite pwa.
- Konsantre plis sou fwi. Chwazi fwi ki fre, fwozen, nan bokal oswa ki sech.
- Manje omwen 3 ons sereyal, pin, krake, diri oswa pasta ble antye chak jou.
- Chwazi vyan ki pa gen anpil gres ak pwoswi lèt ki pa gen twop gres ladan yo.
- Fòk ou si ke ou gen aktivite fizik (egzesis) chak jou.

Pou plis enfòmasyon sou manje pi byen ale nana www.mypyramid.gov.

Food Stamps [Koupon Manje] Fè Amerik la Pi Fèm.

USDA Depatman Agrikilti Etazini
Sevis Manje ak Nitrisyon
FNS-313
Revize Mas 2006

Depatman Agrikilti Etazini (USDA) intedi diskriminasyon nan tout pwogram ak aktivite li yo ki baze sou ras, koulè, nasyonalite, seks, relijyon, laj, enfimite, kwayans/opinyon politik, oriyantasyon seksyèl, ak eta sivil ak fanmi.

Food Stamps
[Koupon
Manje] Fè
Amerik la Pi
Fèm.

